



***Sitiyasyon malouk Dwa Moun an Ayiti sòti janvye pou rive mas 2024 :
RNDDH lanse yon kri avètisman***

10 avril 2024

1. Pandan premye trimès lane 2024 la, sitiyasyon jeneral dwa moun an Ayiti bay gwo kè sote. Kote otorite leta yo livre popilasyon an bay bandi ak zam kap komèt anpil zak vyolans sou lavi yo ak byen yo. San konte depi mwa fevriye a, depatman lwès la chavire nan yon sitiyasyon malouk. Dokiman sila a, retrase kèk nan zak sa yo nan lide pou ankouraje pran mezi nesèsè ak imedyà pou retire peyi a nan sitiyasyon dejenere sa.
2. 21 desanm 2022, premye minis Ariel Henry ak patizan li yo deside pa aplike akò septanm 2021 an, men siyen yon lòt akò ki ba li plis pouvwa. Ajoute sou sa li fè pwomès lap konbat ensekirite ak vyolasyon dwa moun, epi òganize eleksyon nan lane 2023 poul ka remèt pouvwa ak yon prezidan eli 7 fevriye 2024. Depi nan kòmansman Lane 2024 la, popilasyon an ap doute sou bònfwà premye minis Ariel Henry pou li remèt pouvwa, paske anyen pa janm chanje. Men se sou fòs miltinasyonal la premye minis lan konte pou retabli lòd ak lapè nan peyi a.
3. Sòti 5 pou rive 9 fevriye 2024, anpil gwo manifestasyon òganize nan plizyè depatman peyi a pou egzije premye minis lan remèt pouvwa a. Otorite yo reponn ak vyolans egzajere, sa ki lakoz gen manifestan ak jounalis ki blese pa bal ak mouri. Zak sa yo pa anpeche premye minis lan rete sou pouvwa epi pati pou Giyana 25 fevriye 2024 al patisipe nan 46^{em} reyinyon chèf Eta manb CARICOM yo. Apre reyinyon sila a, premye minis Bahamas la, Philip Davis, deklare premye minis Aryèl Henry pwomèt lap kite pouvwa pou pita 31 dawout 2025, yon deklarasyon ki leve kòlè popilasyon Ayisyèn lan.
4. 29 fevriye 2024 la, premye minis Aryèl Henry ale Kenya, kote 1 mas 2024 la li siyen yon akò bilateral ak prezidan Wiliam Ruto sou vini fòs la an Ayiti, sa ki ap koute 230 000 000 dola ameriken prezidan kenya ap tann pou voye fòs la. Pandan tan sa 2 gwoup gang ame sa yo G-9 An fanmi e alye ak G-PÈP regwoupe yo sou labèl viv ansanm epi deside simen latroublay nan pòtoprens ak nan komin ki pi pre yo pandan yap egzije depa gouvènman Aryèl Henry a. Sa ki pral vin lakoz premye minis lan paka retounen nan peyi a.
5. Sou siveyans CARICOM, divès sektè nan politik peyi a patisipe nan yon dyalòg kote yo dakò pou premye minis lan remèt pouvwa a bay yon konsèy prezidansyèl tranzisyon kap gen 9 manb, 7 kap ka vote ak 2 obsèvatè. Apre reyinyon sila a, nan yon mesaj kite anrejistre premye minis lan angajel poul remèt pouvwa bay konsèy lan, pandan tan sa, li menm lap rete nan pòs li poul likide zafè kite an kou yo. 28 mas 2024 la, konsèy la rive konplè ak 9 manb li yo ki pa enspire konfyans swa nan jan yo te konpòte yo avan oubyen nan moman an la.

6. *Rezo k ap Defann Dwa Moun* (RNDDH), kwè popilasyon an ta dwe rete vijilan epi siveye tout desizyon ak aksyon konsèy la ap fè pou evite piyaj kès Leta ak pou koripsyon pa repete.
7. Pandan tout tan sa yo popilasyon an ap souffri anba zak bandi ak zam, kote lekòl paka fonksyone, kous machin vin chè akoz bandi kap touche sou tout wout yo. 208 moun pou pi piti asasine, pami yo gen 55 yo jwenn kò yo nan lari ; Gen pou pi piti 67 moun ki mouri nan omwen 5 atak bandi ak zam ; Gen 13 polisye pou pi piti ki mouri ; Gen 158 moun ki blese pa bal nèg ak zam ; Gen omwen 48 moun yo kidnape pou bay lajan.
8. Pou montre yo entouchab ak puisans yo, yo atake, piye epi mete dife nan yon bann antrepriz ak enstitisyon prive ak piblik, menm jan tou nan kèk pwopriyete prive ki pou kèk sitwayen yo vyole dwa devlopman ak pwopriyete prive. Gen pou pi piti 83 espas enstitisyon piblik kou prive, 3 lopital, 2 tribinal, 19 pòs polis ki sibi atak bandi ak zam.
9. Òganizasyon feminis Nègès Mawon ak RNDDH resevwa 64 fanm ak tifi ki sibi vyòl, ladan yo genyen se plizyè nèg ak zam ki vyole yo, gen lòt se mari yo oubyen yon pwòch yo.
10. Ant janvyè ak fevriye gen 9 manifestasyon ki fèt nan divès depatman peyi a kont gouvènman Ariel Henry a. Gen omwen 4 manifestan ki mouri, gen 15 moun ki pran bal, ladan yo gen omwen 8 jounalis.
11. Atak bandi ak zam lakoz popilasyon yo kouri kite zòn yo, sa ki bay bandi yo posiblite pou yo enstale nan zòn yo, epi mete yon pòs pou moun yo peye pou yo pase. Daprè Sendika *Mouvman Inifye Transpòtè Machin* (MUTH) ak RNDDH bandi ak zam enstale 13 pòs pou popilasyon an peye. Yo vyole dwa tout ayisyen genyen pou sikile libe libè sou teritwa nasyonal la epi anpeche dwa sikilasyon byen ak sèvis yo. Pandan yo pa sispann pase anban pye dwa a lavi, dwa a sekirite, a entegrite fizik ak sychik popilasyon an.
12. Pandan peryòd rapò sa kouvri a, gen pou pi piti 2 envazyon prizon kifèt, 1 envazyon komisarya ak 1 tantativ nan prizon jakmèl. Nan lannuit 2 mas pou rive 3 mas 2024 la, penitansye nasyonal ak prizon kwadèboukè kraze. Sa ki lakoz gen 4 624 prizyone pou pi piti ki sove, ladan yo gen 85.5% ki tap tann jijman. Nan lannuit 3 mas 2024 la, gen 6 polisye kite nan izolman nan komisarya Dèlma 33 ki sove. Nan lannuit 5 pou 6 mas gen yon tantativ kifèt nan prizon jakmèl sa ki lakoz gen 3 prizonye ki mouri ak 6 lòt ki blese. Nan 14 mas 2024 la, gen yon gwo dife ki eklate nan selil titanik nan penitansye nasyonal.
13. Depi 20 novanm 2023 paketye yo rantre an grèv pou mande bon jan kondisyon fonksyonman, yo leve grèv la 11 desanm 2023. Tousuit apre grefyè yo ak yuisye yo antre an grèv 12 desanm 2023. Sitiyasyon sa lakoz depi kòmansman ane 2024 la, kou yo ak tribinal yo paka fonsyone san konte pwoblèm ensekirite ak lòt ankò yap fè fas depi avan ane 2024 la. 4 mwa aprè, grèv la toujou la. Kidonk, depi janvyè 2024 la, se tout aparèy jidisyè a ki pap fonksyone pandan sitiyasyon sa pa eveye atansyon otorite yo. Depi nan kòmansman ane a tribinal yo ap sibi atak bandi ak zam yo. Pou pi piti 5 tribinal de Pè ak yon tribinal Premye Enstans sibi atak, kote yo piye epi/ oubyen boule nan jiridiksyon Kwadèboukè,

Fòlibète, Tigwav ak Pòtoprens. Gen kèk lòt ankò yo rann disfonksyonèl, tankou sa ki nan jiridiksyon Gonayiv ak Senmak.

14. Endiferans ak mank vitalite Kou Siperyè Jidisyè (CSPJ) sou kesyon ki te dwe atire atansyon yo rann La Jistis ayisyèn nan pi fèb. Epi, depi kreyasyon CSPJ a, se pou la premyè fwa li montre yon enkapasite nan nivo sa pou l jere pouvwa jidisyè a, kote gen garanti jidisyè tout sitwayen vyole, sitou sila yo ki twouve yo nan detansyon prevantif ilegal ak abitè ki ap tann Lajistis chita sou santans yo.

15. Selon *Òganizasyon entènasyonal pou Migrasyon (OIM)* nan depatman lwès la gen 86 kan ki akeyi moun ensekirite ladan yo, yo gen apeprè 89 000 moun. Gen kèk nan kan sa yo moun yo oblije kouri ankò akòz atak bandi ak zam nan zòn yo. Tankou kan lekòl nasyonal Repiblik Brezil, lekòl nasyonal Repiblik Paragwey, lise Fritz Pyè Lwi, lekòl nasyonal Dageso Lespinas, Lopital Lemesi (ansyen sant tretman kolera), lekòl nasyonal Don Direlan Dimèlen. Sitiyasyon sa vin lakoz moun yo ale refijye yo nan kèk fakilte, lekòl ak ministè. Rezo Nasyonal kap Defann Dwa Moun (RNDDH) rive konte 9 nouvo kan, ladan yo gen 5 lekòl ak 1 fakilte.

16. Mezi lopital ak sant sante *Rezo Nasyonal kap Defann Dwa Moun (RNDDH)* rive antre an kontak ak yo, deklare yap fè fas ak divès kalite pwoblèm, pa gen medikaman, oksijèn, gaz pou lopital yo fonksyone. San konte akòz ensekirite a gen plizyè pèsònèl ki paka al travay akòz wout yo bandi ak zam bloke, sa ki lakoz malad yo paka jwenn bon jan laswenyay. Poutan, otorite nan lasante yo kontante yo sèlman bay bilan dega ki fèt yo, san yo pa pwopoze okenn solisyon ki ta va asire respè epi reyalizasyon dwa lasante tout sitwayen nan peyi a dwe jwenn.

17. Pandan premye trimès ane a, nan depatman lwès la gen plizyè famasi, lopital, sant sante bandi ak zam kraze oubyen boule. Gen pou pi piti 13 lopital ak sant sante ki paka fonksyone akòz move zak bandi ak zam yo. Tankou : Lopital kominotè Bedè, lopital kominotè Bonrepo, lopital Dash ki Dèlma 18, lopital sanatoryòm ki pòtoprens, lopital sen franswadsal, lopital sent katrin, lopital inivèsite leta, sant sante lorò ki bèlè, sant sante kwadèboukè, sant sante pènye, sant sante maren 1 ak 2 ak matènite isayi janti chansrèl.

18. RNDDH redi pozisyon l ankò, bandi ak zam ki ap panike epi simen dèy nan mitan popilasyon ayisyèn nan pa tap gen tout puisans sa, si yo pat nan konivans ak kèk otorite nan Leta a, ak yon pati nan sektè prive zafè a epi tou si yo pat gen asirans de enpinite yo ap jwi depi plizyè lane.

19. Enstitisyon Polis la ap fè fas ak anpil difikilte depi yon bon ti tan, men menm nan lane 2002 pou rive 2004 kote l te demobilize ak politize sou prezidan Jean Bertrand ARISTIDE, PNH la pat janm rive nan nivo pou l disfonksyonèl konsa a koz mank lidèchip responsab ki nan yerachi a, kote kèk nan yo nan konivans ak bandi, reyelite sa a, mete lavi polisye ak polisye ki onèt epi ki entèg yo, ki pa janm enplike nan kriminalite ak nan koripsyon an danje.

20. Premye trimès ane 2024 la se yon katastwòf nan sa ki gen awè ak plan pou respekte Dwazimen, men selon tout reyalite, se depi lè Ariel Henry, nan lane 2021, monte nan tèt peyi a, ensekite, enpinite, banalizasyon lavi moun, gansterizasyon peyi, ak lòt ankò te tounen reyalite vi chak jou pèp ayisyen an. Sitiyasyon dokiman sa dekri a, ka vin pi grav akòz vyolasyon dwa sikilasyon libe libè byen ak sèvis, riske pou l debouche sou yon kriz ki pat janm egziste avan sa si okenn mezi rapid vit pa pran.

21. Pou fini, RNDDH kwè depi 1990 pou rive 2024, pat janm gen yon tranzisyon politik ki pi sanglan pou pèp ayisyen an pase sa ki dirije pa Ariel Henry a nan tèt ansanm ak koralisyon politik ki sòti nan akò 11 septanm 2021 an ak 21 desanm 2022 a.

22. Lè n gade tout zak sa yo, Rezo Nasyonal kap Defann Dwa Moun rekòmande :

Ak Konsèy Siperyè Pouwa Jidisyè (CSPJ) a

- Pou l jwenn rapidman yon antant nan sousi pou l mete fen ak grèv san limit grefye yo ak uisye yo pou tout aktivite reprann nan kou ak tribinal nan peyi a nan limedya.

Ak Konsèy Prezidansyèl Tranzisyon (CPT)

- Pou l opere chanjman pou kou yo rantre an fonksyon nan chèn sekirite peyi a.
- Pou yo revoke direktè lapolis la, Frantz Elbé pou enkonpetans karakterize ;
- Pou yo remete bon kondisyon sekirite pou pèmèt moun ki deplase pou pwoblèm ensekirite yo, retounen lakay yo.
- Pou yo mete pwogram syko-sosyo-ekonomik nan avantaj moun ki viktim ensekirite yo.
- Pou yo jere resous Leta a, pou l pa kontinye nan bay mwayen ak gang ak zam tankou sa te fèt depi lè premye minis defakto Ariel Henry monte sou pouvwa a.
- Pou yo angaje yo pou yo lite kont koripsyon epi egzije odit finansye fèt pou peryòd ki sòti nan mwa jiyè 2021 pou rive an 2024 pou Palè nasyon al ak Primati yon bò, Pou Ministè Interyè ak Kolektivite Teritoryal yo, pou Ministè Planifikasyon ak Kowoperativ ektèn ak Ministè Travay piblik yo ak Kominikasyon yon lòt bò, epi pou fini, pou Ofis Nasyonal Asirans Vyeyès (ONA), pou Otorite Ayewopòtyè Nasyonal (AAN) ak Ofis Nasyonal Aviyasyon Sivil (OFNAC).